



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 24 jen 2013

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE TIME WARNER CABLE PRAL KONSTWI NOUVO LOKAL EPI KREYE 150 DJÒB NAN BUFFALO

Konpayi a planifye yon Sant Dapèl Modèn nan Ansyen Anplasman Sheehan Hospital

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a Time Warner Cable, youn nan prensipal konpayi telekomunikasyon ak konpayi sèvis, pral konstwi yon sant dapèl modèn ki koute plizyè milyon dola pou ogmante operasyon li yo nan Buffalo, sa k ap kreye 150 nouvo djòb sou senk ane k ap vini yo.

“Desizyon Time Warner pou l ogmante epi kreye 150 nouvo djòb nan Buffalo se yon lòt vòt konfyans nan rejyon lwès New York ki se yon parad ki koute pou biznis rete ak devlope,” te deklare Gouvènè Cuomo.

“Administrasyon m lan konsidere kreyasyon djòb ak devlopman ekonomik kòm pi gwo priyorite li, espesyalman nan rejyon Lwès New York ak Buffalo. Anons Time Warner Cable la se yon temwayaj pou repitasyon New York k ap grandi kòm kote pou fè biznis epi mwen felisite yo pou angajman san fay yo pou vil sa ak rejyon sa.”

Nouvo sant dapèl la pral sèvi kliyan Time Warner Cable Business Class, divizyon konpayi an k ap founi bay ti biznis ak biznis tay mwayèn, ak tou gwo antrepriz, solisyon telefòn, Entènèt, Etènèt, cab TV ak sekirite. Anons sa ogmante prezans depi lontan Time Warner Cable nan New York, ak nan Rejyon Lwès New York. Konpayi a anwaye plis pase 1.000 moun nan zòn Buffalo a, epi li gen plis pase 10.000 anwaye nan tout Eta New York. Nouvo lokal sa pral sitiye nan 425 Michigan Avenue, epi li sipoze pare nan fen ane 2013.

“Nan Time Warner Cable Business Class, nou devlope rapidman grasa konbinezon novatè solisyon ak sèvis komèsyal kalib mondyal,” te deklare Ken Fitzpatrick, prezidan rejyon lès pou Time Warner Cable Business Class. “Buffalo se yon chwa natirèl pou ekspansyon nou: nou gen yon ekip enwaye solid jounen jodi a. Genyen yon fòs travay lokal enwayab pandan nou ajoute 150 nouvo djòb. Epi nouvo lokal nou an pral pèmèt nou depwaye teknoloji ak fòmasyon nesèsè pou bay bon sèvis bay kliyan nou yo nan tout Etazini.”

ENFÒMASYON SOU TIME WARNER CABLE

Time Warner Cable Inc. (NYSE: TWC) fè pati pi gwo founisè sèvis videyo, done ak vwa wot vitès nan Etazini, sa ki konekte plis pase 15 milyon kliyan nan divètisman, enfòmasyon epi youn ak lòt. Time Warner Cable Business Class ofri sèvis enfòmasyon, videyo ak vwa bay biznis tout dimansyon, sèvis lyezon tou selilè bay founisè san fil ak solisyon jesyon teknoloji ekstènn ak sèvis cloud. Time Warner Cable Media, branch responsab piblisite Time Warner Cable la, ofri konpayi lokal, rejyonal, ak nasyonal solisyon piblisite novatè. W ap jwenn plis enfòmasyon sou sèvis Time Warner Cable yo sou www.twc.com, www.twcbc.com ak www.twcmedia.com.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418